**Ассаламу гIалайкум!**

# АХИХЪАН

№ 1 (7297)
1 январь 2018 сон
Щамат
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъуругщ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Анищал тIуралеб батаги!



Гьале сверана XXI гIасруялъул цойги сон, бегана нилъер гIумроялъул цойги тIамач, нилъеца дандчIвай гьабуна ЦIияб 20I8 соналда. Нахъа тараб сон букIана районалъул гIадамазе социалиябгун экономикияб ва культурияб рахъалъ церетIураблъун, гIуцIарухъанлъиялъул гIумроялъулъ лъикIаб лъалкI нахъе тараблъун.

Арал соназда нилъеца росабазул гIадамазул мурадал ва хIажалъаби тIураялда гIемерал хIалтIаби гьаруна: къачIана росабалъе нухал, рахъана лъинал, церетIеял рукIана кинабго рахъалъ. ЛъикIал хIасилал ккана налогал ракIариялда, ракьал тIад хъваялда. ЗахIмалъаби ругониги районалда букIана чIара-хьараб политикияб ахIвал-хIал. Гьедин букIиналъул мурадалда гIемераб хIалтIи гьабуна районалъул АТКялъ. Гьелъ квербакъи гьабуна киналго социалиялгун экономикиял рахъал тIуразаризе, цо къадаралъ лъикIлъана гIадамазул гIумро гьабиялъул даража.

Гьел хIасилал ккола щивав районцоясул, нилъер киналго гIадамаз гьабураб хIаракатаб хIалтIул хIасил. Дир ракI чIола гьединаб пайдаяб къагIидаялъ цадахъ рекъон гьабулеб хIалтIи цIияб соналда жеги цIикIкIинин. Гьелъул цIикIкIараб кIвар буго ЦIияб соналдаги халат бахъине бегьулеб финансовиябгун экономикияб чIара-хьараб хIал гьечIолъиялъе, ай кризисалъулал шартIазда хIалтIулаго.

Нилъ гъорлъе лъугьунеб цIияб сон баркизе бокьун буго райадминистрациялъул, депутатазул Собраниялъул рахъалдасанги тIолалго районцоязда.

Биччанте ЦIияб сон нилъер щивасе букIине рохалилаб, чIара-хьараб, талихIаб.

Нужер щивасул ургъалаби къварилъаби араб сональулъ хутIаги, бачIунеб соналъ нужер къавулъе лъикIаб гуреб хабар бачIунгеги!

ТIурайги щивасул ракIазул мурадал, анищал. ЦIияб сонгун, цIияб талихIгун, хириял районцоял!

**ГI. НУРМУХIАМАДОВ.**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер**

АТКялъул иргадулаб гуреб заседание

## ГIолеб гIел куцаялде кIвар кьезин



Араб анкьалда райадминистрациялда букIана «Унсоколо район» МОялъул АТКялъул иргаду лаб гуреб заседание. Гьеб бачана районалъул АТКялъул пред. ГI. НурмухIамадовас.

Заседаниялда аслияб суаллъун букIана I9 декабралда Гумбет районалда букIараб боевикал чIвараб контртеррористическияб операциялъул хIакъалъулъ суал. ЧIварал кIигоязул цояв вукIанин чIезабулеб буго «балаханский» абулеб бандгруппаялъул бетIер.

Данделъи рагьулаго ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна: «Гьале нилъеда бихьулеб буго гIолеб гIелалъ обществалда хIалтIулел къагIидабиги нормабиги цIуничIеб мехалъ кьолеб хIасил». Гьес росабазул бутIрузда ва цогидалги иш тIаде кколел гIадамазда кьварун лъазабуна гIолеб гIелалъе тарбия кьеялъе щибаб къойилаб хIалтIи букIине ккелилан. «Терроризмалде данде чIеялъул комиссиязул аслияб кIвар буссун букIине ккола ВатIан бокьиялъул рухIалда гIолеб гIел куцаялде, чIахIияб гIелалдехун гьезулъ адаб-хIурмат куцаялде, халкъалъул гIадат-гIамал гьезда бичIчIизабиялде, экстремизм-терроризмалдехун рокьукълъи гьезулъ бижизабиялде, закониял гурел гIуцIиязде гьоркьоре гьел ккечIого рукIиналъе битIараб информация къватIибе кьей лъикIлъизабизе ккола».

Хадув кIалъарав М. ХIамзатовас кIвар буссинабуна росабалъги диниял гIадамал, депутатал, чIахIиял гьоркьоре гIахьал гьарун гьеб суал гьоркьоб лъезе ккеялде. Бихьизабуна Россия, Дагъистан бахун къватIире ун закониял гурел гIуцIабазде ккезе рес бугезулгун хIалтIи гьабизе т1аделъизе кколин,-абун.

КIалъана «Сельсовет Балаханский» МОялъул бетIер У. НурмухIамадов. Гьес бихьизабуна гьабсагIаталда Балахьуни росулъ гIодобе бичараб ахIвал-хIал бугин. -Росулъ гьабсагIталда унеб буго терроризмалъул, экстремизмалъул нахъегIанлъиялъул бицунеб бичIчIи кьеялъул хIалтIи. КIвар кьолеб буго гьединал асаразде гъоркье ккезе рес бугел гIадамазда тIад асар гьабиялде. Гьезул щивасулгун гьабулеб буго хIалтIи, бич1ч1и кьолел гара-чIвариял.

Гьединго заседаниялда кIалъана «село Цатаних» МОялъул бетIер Н. Сайпулаев, К. Асадулаев.

## Гьарула лъикIабщинаб!

Баркула ЦIияб сон, районцоязда
ТалихI-рохел босун бачIун батаги!
ТIолго дунялалда щив вугониги
Чорхолъа унти ун, рази хутIаги!
Рии-их битIаги, хур цIун бачIаги
Квешлъабазде Бичас каву рахаги!
Дуниялалда тIад кир ругониги

Квешал гIадамазда гIадалъ жо щваги!
Жив-живасул кIалалъ даим кидаго
Рохалий гурони руссен ккогеги!
Улкаго чIухIарал лъимал рижаги,
Ракълилаб гIумроялъ къвал жемун таги!
МугIрузда гIиялги гIодор ахалги
Хьиндалазул ракьда жеги цIикIкIаги!

ЦIиял гIалимзабаз районалъул цIар
Дунялалда тIадго машгъур гьабеги!
ТIабигIаталъ кьолел тIолго нигIматал
ТIадегIанас нилъей гьарза гьареги!
ВатIан цIунун ругел гIолилал васал
Къадараб цIар босун тIад руссунгеги!
Нилъер ракьалдаса квешлъи кьотIаги
Къварилъи-ургъелал гьоркьго хутIаги!
БачIунелъ талихIгун рохел бачIаги
Берцинаб гIумродуй байбихьи лъеги!

Баркула ЦIияб сон, районцоязда,
РекIел мурадазде щолел батаги!
Ракьалда тIад бугеб тIолабго квешлъи
Квешлъи гьабулезда цадахъ лъугIаги!

ТIекълъиялъ лъукъарал ругънал сахлъаги
Квешлъабаз сурараб гIумро буцIаги,
Гьаб цIияб соналда лъикIаб гурони
Хабар рагIугеги, Дагъистаналда!

## *ЦIорол Дадал баркиял ва шаржал*

### «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасухъе

Къойил хIалакунеб гьаб гIумроялда
ДандчIвалел квешлъаби тIуран кIочон тун,
Бокьун буго, Дуе, тIолго ракI-ракIалъ
ЦIияб сонги баркун сахлъи гьаризе.
ЧамгIалльараб заман нахъа хутIана
РакI-ракIалъ гьабураб хIалтIул къуваталъ,
Дагъистаналъулго тарихалъул къучI
Бихьулеб, рагIулеб буго цIидасан.
РакI-ракIалъ гьарула коллективалъе
Сахлъиги талихIги цIияб соналда,
Къварилъи лъугIайги, захIмат тIегьайги
ЦIидасан ракьалда нилъер цIар айги!

### Росабазул бутIрузухъе

Улкаялъ хьулал лъолел
Телал рачIунел ругин,
Росабазул гIумрудулъ
ЦIилъиго чIвалародай?
Гьезул магIишатазе
Кумекал кьолел ругин,
Кагътида хутIичIого
Кколесе швелародай!?
Баркула ЦIияб сонги
Гьарула сахлъи-рохел,
Росу кквезе бажари
Щивасе кьейги, нужей!

### Лъай кьеялъул управлениялъул нач. Л. МухIамадгIалиевасухъе

Салам, лъай кьеялъул хIалтIухъабазде
ХIалтIиги гIемерал, гIадло камилал,
ГIемерлъидал хIалтIи гIодоб лъунги тун
РачIа, борхе бокал, кинабго кIочон!
Нужей ЦIияб сонаialъ талихI гьарула
Сахлъиги рохелги жаниб буссараб,
Малъияз куцарал, лъаялъ камилал
Васал-ясал цIикIкIун, район тIегьазе!

### Районалъул ва Шамильхъалаялъул районазда гьоркьосеб больницабазул нухмалъулел ГI. МухIамадовалъухъе ва З. МухIамадовалъухъе

Сахлъи цIуниялъул коллективазде
РакI-ракIалъ боркьараб салам битIизин,
СагIатгIан рекъараб хIалтIи бачунел
Беричал ясазе бетIер къулизин.
Унтарал гIемерлъун хIал щуницщ ругел
Киналгоги сахлъун хIалхьийищ щвараб?
ЦIияб соналдаги нужер хIалтIуде
Баркала-кумекалъ канлъи биччаги!

### ГIолел туристазул станциялъул нухмалъулев А. ГIабдурахIмановасухъе

Нужер рекIел чIухIи ракьалъул тарих
Нужер хIалтIул магIна, гьеб цIунун хьвади,
Цогидаз гьабураб гIадада хвела
ХвечIого халкъалъе хутIула тарих.
Намусги бацIцIадал, яхIги бечедал
ГIаданлъиялъул рахь щулаго кколел,
РакI-ракIалъ баркула, цIи бачIараб сон
ЦIиял анищазде нух рагьаги гьелъ!

Росдал магIишат

# Экономикаялъул аслияб рахъ



Экономикаялъул аслияб рахълъун Унсоколо районалда ккола росдал магIишат. Гьеб бикьула хадусел приоритетниял рахъазде: гIи-боцIухъанлъи, ахихъанлъи, гIанкIо-хIелеко гIезаби, цIибил гIезаби, могьолал культураби гIезари.

Районалъул росдал магIишаталъул отделалъул хIалтIул аслияб рахълъун ккола ракьазул бачIин гIезаби рукIалиде ккезаби ва цIуни, байбихьулал фермеразул хIалтIуе, гьединго хъизаналъулаб гIи-боцIул фермабазе кверчIвай-кумек гьаби. Гьединго отделалъул специалистал гIемер уна гъутаналъул магIишатазде, гьениб росдал магIишаталъул продуктаби гIезерулезе гьарула методикияб ва ишалъулаб кумек.

Гьаб сон районалъе букIана бачIин бугеблъун. Аслияб къагIидаялда лъикIаб бачIин щвана ахбазаналъул, гьелъул бачIана гектаралдаса хIисаб гьабун 240 центнер. Кинабниги 20I7 соналда пихъил бакIарун буго I3000 тонна. Гьединго гьаб соналда чIун буго пурчIун бугел пихъазул I0 гектаралда ахал.

Араб соналда кормаялъулал рахъалъ захIмалъаби ругониги лъикIал хIасилал руго гIи-боцIухъанлъиялъиялдаги.

2016 соналде дандеккун тIолабго районалда цIикIкIана гьан, рахь гIезабиялъул рахъ, цIикIкIана гIанкIо-хIелекоялъул бетIер. Росдал магIишаталъул продукция гIезабулел гIахьаллъула МахIачхъалаялда тIоритIулел росдал магIишаталъул ярмаркабазда. Гьаб соналдаги гьел гIахьаллъана республикаялда тIобитIараб ярмаркаялда.

Россиялъул регионазул цо-цо бак1азда ва Дагъистаналъул базаразда росдал магIишаталъул продукция бичиялъе къотIи-къаял гьарулел руго. Масала, (больницабазда, школазда, ясли-ахазда ва цогидалги гьеб хIалтIизабулел бакIазда). Кидаго ярмаркабазда гIахьаллъизе хIадурго рукIуна Шамильхъалаялъул «Баракат» СПК, гьез жидерго рахьдалаб продукция кьола ясли-ахазде. Гьединго ХIамзатов МухIамадил ИП КФХялъги, Камилов МухIамадил ва МухIамад Шарапудиновасул рукъалъул магIишатаз гIанкIаби хьихьун гьезул продукция бичула Майданскиялъул ясли-ахалде. Майданское росулъа «Борец» КФХялъ гIезабула рахьдал ва гьанал нигIматал. Гьединго ГьаракIуни росулъ балеб буго I20 бетIералъе «Салман» абураб гIи-боцIул ферма.

45 гектар росдал магIишаталъул техника хIалтIизабулеб ракьалда тIоритIун руго агротехническиял хIалтIаби. Жалго раккарал лъиназе гьарун руго канализациял яги рогIрал лъун рачун руго росабалъе, росдал магIишаталъул ракьал лъалъаялъе. Гьединго ремонт гьарун къачIан руго росдал магIишаталъул бакIазде унел нухал. Бан лъугIан буго «Нур ва С» ОООялъул, 24 гектаралда бугеб теплица, Зирани СППКялъул буго 0,7 гектаралда теплица. Гьениса щибаб соналда бакIарула 60-70 тонна овощазул. Майданское росулъ жеги унеб буго МухIамад МуртазагIалиевасул ЛПХялда 0,8 гектаралда теплица бай.

Районалъул ветеринарияб хъулухъалъул хIалтIухъабаз бакIазде ун гIемер тIоритIула сах гьариялъул ва профилактикиял тадбирал боцIул бетIер цIуниялъе. Графикалда рекъон жиндир заманалда тIоритIула гIи-боцIуе батIи-батIиял унтабазде данде чIолел вакцинация гьаби.

**МухIамад МУРТАЗАГIАЛИЕВ.**
**Районалъул УСХялъул бетIерав специалист.**

# Поздравление: с Днем энергетика

Уважаемые работники и ветераны энергетической отрасли!
Сердечно поздравляю вас с профессиональным праздником - Днем энергетика!

В современном мире энергетика – одна из базовых отраслей экономики, от устойчивого и эффективного функционирования которой зависят благополучие и спокойствие в домах и на производстве.

Труд энергетиков заслуживает особого уважения и признательности. Высокие напряжения, круглосуточный график работы и повышенная ответственность – все это удел по-настоящему мужественных, преданных своему делу людей.Круглые сутки, в любых погодных условиях вы делаете все возможное для бесперебойного энергоснабжения потребителей Унцукульского района.

Наш районный центр - Шамилькала раньше считался поселком энергетиков. В Унцукульском районе находится Ирганайская ГЭС, которая считается одной из крупнейших по мощности гидроэлектростанций на Северном Кавказе,где работают многие наши земляки. Поэтому особенно хочу поблагодарить работников и ветеранов этой отрасли нашего района и всех других, за добросовестную работу, высокий профессионализм, за преданность своему делу.

От всей души желаю вам четкой и безаварийной работы, новых производственных достижений, крепкого здоровья, семейного благополучия и счастья!Пусть не иссякают ваша энергия и оптимизм, а сердца будут наполнены теплом и светом!

**Иса Магомедович Нурмагомедов**
**Глава МО «Унцукульский район»**

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 1 (7197)*
*Щамат*
*1 январь 2018 сон*

3 гьумер

# С а д о в о д

Страница в номере



Поздравляем!

## «Человек года - 2017»



Гусейнов Годжо Магомедович, родился в 1984 г. В 2001 г. окончил среднюю школу с отличием. С 2001 по 2007 гг. учился на лечебно-профилактическом факультете Дагестанской государственной медицинской академии по специальности «лечебное дело».

С 2007 по 2009 гг. прошел клиническую ординатуру в Санкт-Петербургской медицинской академии после дипломного образования (СПБ МАПО) на кафедре урологии и андрологии на базе Ленинградской областной клинической больницы.

С 2009 г. работает урологом-андрологом в Лечебно-диагностическом объединении «ЦЕЛИТЕЛЬ», расположенного по адресу: г. Махачкала, ул. Ш. Алиева, 4 а.

С 2010 по 2017 гг. работал врачом-урологом в ГБУ РД «Городская клиническая больница №1».

С 2017 г. работает врачом-урологом в НУЗ «Отделенческая клиническая больница на станции Махачкала ОАО «РЖД».

Является постоянным участником ежегодных международных симпозиумов и конгрессов по урологии, андрологии, урогинекологии, онкоурологии и эндоскопической урологии.

Основные направления трудовой деятельности: урогинекология (операции по поводу недержания мочи при напряжении у женщин – урослинг, уретропексия петлей TVT-O), оперативное лечение заболеваний почек, мочеточников, мочевого пузыря, предстательной железы, уретры, наружных половых органов.

Ежегодно выполняет более 200 операций различной сложности.

В 2017 году был номинирован в конкурсе «Человек года» в номинации «Врач года», посвященный открытию новых имен в различных сферах общественной жизни субъектов Северо-кавказского Федерального округа.

Независимая народная премия «Человек года» проводится с целью выявления лиц, чьи достижения, вклад в развитие организации или отрасли, города и республики, субъекта заслуживают высочайшего признания со стороны профессионального сообщества и широкой общественности.

Гусейнов Г. М. был признан победителем в премии «Человек года - 2017» в номинации «Народное признание».

Церемония награждения победителей Северокавказской национальной премии «Человек года – 2017» состоялось 16 декабря 2017 года.

# Поздравление




Уважаемые сотрудники и ветераны органов госбезопасности, поздравляем вас с профессиональным праздником!

Вы посвятили свою жизнь трудной, но благородной службе во имя Отечества.

Компетентность, целеустремленность, стойкость, решимость, другие высокие профессиональные качества позволяют вам успешно и уверенно решать служебные задачи, давать жесткий отпор внутренним и внешним угрозам безопасности государства. Ваша успешная служба достигается четкостью и слаженностью действий, умением работать на опережение и преданностью своему делу.

В этот праздничный день, примите искренние слова благодарности за плодотворное взаимодействие с органами всех ветвей власти в Унцукульском районе. Особая признательность – ветеранам службы, отдавшим служению Родине свои силы и передавшим новым поколениям сотрудников бесценные опыт и знания.

От всей души мы желаем всем вам успехов в службе, крепкого здоровья, счастья, семейного благополучия, удачи и всего самого наилучшего. Спасибо вам за честную безупречную службу и высокий профессионализм, за значимый вклад в обеспечение мира и безопасности!

**Глава МО «Унцукульский район» Иса Магомедович Нурмагомедов.**

# МЧС сообщает
# «Опасность пиротехники»

Уважаемые жители!

Наступает период новогодних и рождественских праздников, приобретая различные пиротехнические изделия, мы зачастую не задумываемся о качестве приобретаемой продукции и последствиях в случае ее неправильного использования.

ПОМНИТЕ, трагедию всегда можно избежать, если соблюдать элементарные меры безопасности. Будьте осторожны и предельно внимательны при использовании новогодней пиротехники!

МЧС СООБЩАЕТ «ОПАСНОСТЬ ПИРОТЕХНИКИ»

Пиротехнические изделия подлежат обязательной сертификации, на них должна быть инструкция по применению и адреса или телефоны производителя (для Российских предприятий) или оптового продавца (для импортных фейерверков). Это гарантирует качество и безопасность изделий.

При самостоятельной закупке фейерверков в других местах, следует обращать внимание на наличие инструкции на изделии, адреса или телефона производителя, или оптового продавца. Фейерверки покупайте только в местах официальной продажи. Не покупайте фейерверки в не регламентированных для этих целей местах (это могут быть рынки, киоски и иные торговые точки) или у «знакомых», поскольку, скорее всего, приобретете не сертифицированное или нелегальное изделие. При покупке фейерверков обратите внимание на упаковку, на ней должны отсутствовать увлажненные места, разрывы. Покупая фейерверк с товарным знаком, Вы действительно приобретете качественное изделие, поскольку каждый изготовитель дорожит своим добрым именем.

Фейерверки храните в сухом месте, в оригинальной упаковке. Запрещено хранить пиротехнические изделия во влажном или в очень сухом помещении с высокой температурой воздуха (более 30°С) вблизи от легковоспламеняющихся предметов и веществ, а так же вблизи обогревательных приборов. Не носите их в кармане. Не возите в автомобиле. Не храните фейерверки возле горючих и легко воспламеняемых материалов. Храните фейерверки в не доступных для детей местах. В холодное время года фейерверки желательно хранить в отапливаемом помещении, в противном случае из-за перепадов температуры фейерверки могут отсыреть. Отсыревшие фейерверки категорически запрещается сушить на отопительных приборах (батареи отопления, рефлектора, бытовые обогреватели и т. п.) и используя нагревательные приборы (строительные и бытовые фены, паяльные лампы и т. п.).



Главная задача запускающего – провести фейерверк безопасно для себя и окружающих!

В соответствии с п. 13 Постановления Правительства Российской Федерации «Об утверждении требований пожарной безопасности при распространении и использовании пиротехнических изделий» применение пиротехнических изделий **ЗАПРЕЩАЕТСЯ:**

а) в помещениях, зданиях и сооружениях любого функционального назначения;

б) на территориях взрывоопасных и пожароопасных объектов, в полосах отчуждения железных дорог, нефтепроводов, газопроводов и линий высоковольтной электропередачи;

в) на крышах, балконах, лоджиях и выступающих частях фасадов зданий (сооружений);

г) на сценических площадках, стадионах и иных спортивных сооружениях;

д) во время проведения митингов, демонстраций, шествий и пикетирования;

е) на территориях особо ценных объектов культурного наследия народов Российской Федерации, памятников истории и культуры, кладбищ и культовых сооружений, заповедников, заказников и национальных парков.

В соответствии с п.14 при подготовке и проведении фейерверков в местах массового пребывания людей с использованием пиротехнических изделий III класса опасности:

а) должны быть разработаны технические решения (условия), при выполнении которых возможно проведение фейерверка. Они должны включать схему местности с нанесением на ней пунктов размещения фейерверочных изделий, предусматривать безопасные расстояния до сооружений с указанием границ безопасной зоны, а также места хранения;

б) зрители должны находиться с наветренной стороны. Безопасное расстояние от мест проведения фейерверка до зданий и зрителей определяется с учетом требований инструкции применяемых пиротехнических изделий;

в) на площадках, с которых запускаются пиротехнические изделия, запрещается курить и разводить огонь, а также оставлять пиротехнические средства без присмотра;

г) места для проведения фейерверков необходимо отгородить и оснастить первичными средствами пожаротушения;

д) охрана мест и безопасность при устройстве фейерверков возлагается на организацию, проводящую фейерверк;

е) после использования пиротехнических изделий территория должна быть осмотрена и очищена от отработанных, несработавших пиротехнических изделий и их опасных элементов

**М. А. Гусейнов**
**Ст. инспектор ОНД и ПР №13,**
**старший лейтенант вн. службы**

# Ракьул ТIогьилаб Гьоялъул Сонгун, гьудулзаби!



2018 ккола Ракьул ТIогьилаб Гьоялъул Сон. Щибдай Гьоялъ нилъер гIумроялъулъе босун бачIинеб? Астрологаз гьелъие къимат кьолеб буго гIакъилаб, ритIухъаб, пикро бугеб лъагIалил Хозяйкаялъе гIадин. Гьеб инеги буго оптимистияб къагIидаялъ, церетIеялъул нухазде рачунеб, нилъер улкаялда ритIухълъи ва низам бугеб гIумроялъе нух лъолеблъун букIинеги буго. Цо-цоязда мекъи бичIчIизе бегьула астрологическияб Гьоялъул гIамал-хасият. Ракьул Гьоялъул Сон букIине гьечIо абизе бакI гьечIеб яги цIакъго захIматаб. ЦIияй Хозяйкаялъул хIакимлъиялда гьоркь ккезе руго гIемер батIи-батIиял лъугьа-бахъинал, букIине бегьула батIи-батIиял хIалагьинал…




Поздравляем

## «Директор года - 2017»



В октябре месяце 2017 года в г. Санкт - Петербург проходил Всероссийский образовательный форум «Школа будущего» учреждений дополнительного образования Российской федерации. В этом форуме участие принимали учреждение дополнительного образования Станция детско-юношеского туризма и экскурсий. Лауреат конкурса «100 лучших организаций дополнительного образования детей России» наградили Муниципальное казенное учреждение дополнительного образования Станция детско-юношеского туризма и экскурсий.

На форуме проходил и конкурс среди директоров организаций. На основании приказа 178 от 22.10.2017 года директор Станции детско-юношеского туризма и экскурсий Магомаев Лабазан Абдурахманович включен в почетные члены Международной академии качества и маркетинга с подтверждающий свидетельством 580 с звание член Международной академии качества и маркетинга. Также Магомаев Лабазан Абдурахманович награждён почетным знаком «Директор года- 2017» Независимым общественным советом конкурса «Школа будущего».

Награды Магомаеву Лабазану вручили в администрации Унцукульского района в присутствии и. о. заместителя главы Магомеда Гамзатова.

«Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул, райадминистрациялъул коллективалъул, Районалъул Собраниялъул депутатазул ва тIолабго районалъул жамагIаталъул рахъалдасан гъваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго, цIар рагIарав исламияб диналъул гIалимчи, гIамал берцинав инсан

**ГIалихIажи аль-ГIаймаки**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан гьесул хъизан лъималазда ва тIолабго гIагарлъиялда.

Аллагьас иманалда тIовитIун ватаги гьев. Нахъе ругезе халатаб гIумроги рекIее сабруги кьеги.

## РачIа релъизин

### ЦIияб соналъул гIаламат




Лъугьа - бахьин ккана 31 декабралда, къаси са гIат 10 тIубан хадуб. Гьудулзабазухъе цIияб сон кIодо гьабизе унел рукIана чангоял. Цадахъ рукIана лъабго лъикIго цIурал сумкаби – сундулали нужеда лъалеб батила. БитIухъе бицани дагьалго гьекъон рукIана. Щуго минуталь гурони гьел ун ратиларо, чIезаруна полициялъул машинаялъ. Гьениса къватIиве вахьуна сержант: гIарац бахъун тани лъикIаб букIинаан, квеш букIина цIияб сон обезянникалъуб базе ккани,-ян шурана гьаз цацазда.

-Сумкаби цере лъе,-ян абуна сержантас.

Лъола.

-Кверал гIереде ритIе,-ян абула.

-РитIула. Сержантас гьесул кисинибе конфетал рала ва абула: Щай чIун ругел, цIияб сонил хIикмалъаби рихьизег1аниц?,-абун.

### Попугайги бихьинчиги

Цояв вачIуна шагьаралда бугеб зоотукаде. Бихьула попугай бугеб клетка. Гьелъухъ балагьизе аскIовегIан вачIуна гьев. Цойидасан попугаялъ абула: «ТIаждал рахас рагьун буго»,-ян. БагIарлъунги вахьун гьеб эхеде цIазе довехун вуссуна гьав. «ТIаждада каратI бахьун буго»,-ян ахIула гьалъ. Нахъа кверги чIван гьеб бахчула ва дагьавги багIарлъула. «Хьитазул шнур бичун буго»,-ян ахIула нахъеги попугаялъ. Гьеб бухьине гIодове кьулидал «Дуца махI биччана»,-ян ахIула гьелъ нахъеги. Жага гIадин багIарлъун къватIиве кIанцIула бихьинчи.



### Волга-матушкаялъ къабул гьайичIо

Россиялъул цо гьитIинабго шагьаралъул культуралъул кIалгIаялда унеб букIана Н. Островскиясул «Гроза» театралияб спектакль. Гьеб пьессаялда буго героиня Катерина гIурулъе кIанцIулеб сцена.

Актриса речIчIулеб бакI дагьабниги тамахго букIине гвандиниб лъолаан матаби. БакIалдаса балагьилин гьеб шагьаралде матаби росун рукIун гьечIо. Жавабиясдаги кIочон буго артисткаялда гьеб лъазабизе. Цебе чIезабе гьеб сцена, Катерина гьоркье кIанцIулей йиго ва лъикIго гIодой тункун тIаде яхъун ячIуней йиго. Гьеб трагическияб сцена бугониги артистазда рельи ккезе кIун гьечIо. Рельун гIодор кколел рукIун руго залалда ругелги. Гьеб мехалъ сценаялда вугев цо актерас ахIун абун буго «У! Волга-матушкаялъ гьай къабул гьаюлей гьечIо!,-ян.

### КIиго,-ян абизе лъачIого

МагIарухъа ячIарай ГIашура росулъе тIад юссине къачIанила. ТIад юссунаго гьелъие тукадаса к1иго булка босизе бокьун букIанила. ТукенчIужуялда цее яхъун чIарай ГIашурада кинго ракIалде бачIинчIила гIурусалъ «кIиго» кин абулебали. Цинги гьелъ абунила;

-Дай три булка, один тебе оставь,-ян.

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 29. 12. 17 г. 17. 40
фактически -17. 55 мин.

..........................................

Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.